



Pou Piblikasyon Imedya: 26/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AK LIDÈ MAJORITE SCHUMER ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON POU ETABLISMAN CHÈN APWOVIZYÒNMAN SEMIKONDIKTÈ EDWARDS VACUUM KI KOUTE 319 MILYON DOLA NAN KONTE GENESEE

Fabrikan ponp sèk mondyal la pral ranfòse chèn apwovizyonman semikondiktè New York la, kreye jiska 600 djòb nan reyon Finger Lakes la

Investisman ki estimile pa kwasans endistri semikondiktè nasyonal ki te ankouraje Lwa sou CHIPS ak Syans Federal la ak Pwogram Green CHIPS New York la

Pwojè konplete "Finger Lakes Forward" lan – ki se estrateji global reyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an

Reprezantasyon grafik premye faz la yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul ak Lidè Majorite Sena Ameriken an Charles Schumer te anonse jodi a kòmansman konstriksyon premye faz etablisman fabrikasyon ponp sèk Edwards Vacuum ki koute 319 milyon, ki sitiye nan Konte Genesee County vil Alabama. Lidè mondyal Britanik nan ekipman vakyòm ak rediksyon nan endistri semikondiktè, yon pati nan Atlas Copco Group, te chwazi Pak Fabrikasyon Avanse Syans ak Teknoloji (Science & Technology Advanced Manufacturing Park, STAMP) nan Lwès New York ki sitiye nan Konte Genesee, kòm lokal pou nouvo enstalasyon fabrikasyon ponp sèk nan Etazini. Teknoloji ki pwodui nan nouvo etablisman an se yon eleman vital pou kontwòle anviwònman trè sansib pwosesis fabrikasyon semikondiktè yo. Desizyon Edwards Vacuum te pran pou l investi nan Eta New York te vini apre adopsyon Lwa sou CHIPS ak Syans federal la, lejislasyon Green CHIPS New York la, epi kwasans endistri semikondiktè domestik pwogram konplèmantè yo te ankouraje, ki gen ladan angajman san parèy 100 milya dola Micron te pran nan Santral New York, ki prevwa kreye prèske 50,000 djòb.

"Kòm yon natif Lwès New York, mwen te fè eksperyans anpil ane bès soti nan egzòd fabrikasyon nan pati Nò Eta New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Jodi a sa fini. Kòmansman konstriksyon nan nouvo etablisman Edwards Vacuum lan siyal kòmansman yon nouvo chapit pou alafwa reyon Lwès New York ak reyon Finger Lakes yo. Chwa Edwards pou konstwi nan Eta New York pote plizyè santèn djòb byen

peye ak dè milyon dola nan investisman nan Nò Eta a pandan y ap ede ranfòse chèn apwovizyonman semikondiktè nasyonal nou an, diminye tan livrezon pou founisè yo tankou Micron, diminye emisyon kabòn, epi ranfòse sekirite nasyonal."

Lidè Majorite Sena a, Chuck Schumer, te deklare, "Jodi a se yon gwo jou pou rejyon Lwès New York ak Finger Lakes, avèk Edwards Vacuum ki ap kòmanse nan izin fabrikasyon 300+milyon dola li a, ki pral kreye apeprè 600 djòb ki byen peye epi ki pral ranfòse chèn apwovizyonman semikondiktè New York ki deja ap fleri a. Gras a Lwa sou CHIPS & Syans mwen an, ki kontinye ap fè investisman apre investisman pou Nò Eta New York, n ap ajoute yon lòt arè nan otowout semikondiktè nou an nan koudò I-90 Tech Hub k ap fleri nou an avèk inogirasyon Edwards Vacuum jodi a. Mwen te mete presyon sou Edwards Vacuum pou l vin New York paske mwen te konnen nou te gen resous, enfrastrikti, epi sa ki pi enpòtan, mendèv klas mondyal la, pou akeyi gwo konpayi sa a isit la nan Konte Genesee. Edwards se yon devlopè prensipal nan kèk nan ponp sèk ki pi modèn ki nesese pou vivifye sal blanch masiv yo nan fabrikasyon pis yo, epi ak investisman li an, nou ap ede pote youn nan eleman ki pi enpòtan nan chèn apwovizyonman semikondiktè a nan Nò Eta NY. Sa a se yon lòt egzant sou Lwa sou CHIPS ak Syans mwen an ki te remennen fabrikasyon nan Etazini, espesyalman nan nò Eta New York, epi se sèlman kòmansman pwochen chapit la nan renesans fabrikasyon Nò Eta New York la."

Konstriksyon nanpremye faz kanpis Edwards Vacuum kimezire 240,000 pye kare ki koute 127 milyon dola pral gen ladan etablisman fabrikasyon, depo, ak etablisman administrasyon, ak yon kapasite pou pwodui 10,000 ponp sèk chak ane. Etablisman ki konplètman elektrik la pral fè efò pou sètifikasyon LEED, ak yon majorite enèji ki pwodui atravè elektrisite idwolik.

Angajman Edwards pou konstwi Etazini vini apre envestisman enpòtan ke Administrasyon Biden te fè pou ogmante fabrikasyon pis nasyonal yo, ak adopsyon Lwa sou CHIPS ak Syans federal la ak lejislasyon Green CHIPS New York la, ansanm ak yon bezwen k ap grandi pou sipòte kliyan li yo nan Amerik di Nò. Ponp sèk Edwards yo fabrike kounye a an Lazi. Lè yo pote fabrikasyon nan New York, kliyan Edwards yo – ki gen ladan Micron ak GlobalFoundries nan New York, ak Intel nan Ohio – pral fè eksperyans tan datant ki pi kout, amelyore repons ak emisyon CO2 ki soti nan yon pwodwi Ameriken te fè. Edwards estime ke lè premye faz la ap an fonksyon, li pral redwi emisyon CO2 a 13,000 tòn chak ane.

Empire State Development (ESD) deja bay Vacuum jiska 21 milyon dola sou fòm konbinezon Kredi Taks Excelsior Jobs, Kredi Taks pou Investisman an echanj pou 600 djòb, ak yon 1 milyon dola anplis pou sipòte efò devlopman mendèv ak fòmasyon yon mendèv divèsifye ak enklizif. Anplis de sa, Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) ap sipòte pwojè a atravè yon alokasyon enèji Niagara ki se 4.9 megawat (MW) pri ki ba ak yon alokasyon 2.1 MW Faktè Chaj Elve (High Load Factor) ke NYPA pral achte pou Edwards sou mache enèji a. Kouran idwolik bon mache Niagara a disponib pou konpayi yo ki nan yon reyon 48 kilomèt de Pwojè Kouran Niagara Otorite Enèji a oswa biznis yo ki nan Konte Chautauqua.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Lansman konstriksyon nouvo etablisman Edwards Vacuum lan sinyale ke gen plizyè bon travay ak plizyè milyon dola nan investisman k ap pran direksyon Nò Eta New York. Nou byen pozisyone sou wout pou nou vin yon sant mondyal pou fabrikasyon avanse ak batiyon eskosistèm semikondiktè solid nan Eta New York."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare, "Lè li pwofite enèji idwolik bon mache, NYPA jwe yon wòl esansyèl nan atire fabrikan teknoloji avanse yo nan New York. Edwards pral yon patnè enpòtan nan chèn apwovizyonman nan endistri semi-kondiktè New York la ki rekonèt globalman, epi ekspansyon konpayi an pral ankouraje ekonomi rejyon an—kreye dè santèn djòb epi ankouraje plizyè santèn milyon nan investisman kapital."

Semikondiktè yo, ak patnè chèn apwovizyonman yo, enpòtan anpil pou fòs ekonomik nasyon an, sèvi kòm sèvo elektwonik modèn yo, ak pèmèt teknoloji enpòtan pou kwasans ekonomik Etazini, sekirite nasyonal, ak konpetisyon mondyal. Endistri a anplwaye dirèkteman plis pase 277,000 moun nan Etazini epi li sipòte plis pase 1.8 milyon lòt travay lokal. Semikondiktè yo se youn nan senk pi gwo pwodui ekspòtasyon Etazini, epi endistri a se premye kontribitè nan pwodikтивite travay, ki sipòte amelyorasyon nan efikasite nan prèske chak sektè ekonomik — soti nan agrikilti rive nan fabrikasyon.

Gouvènè Hochul te pran mezi enpòtan pou asire ke New York jwe yon wòl ki enpòtan anpil nan rekòmantasyon endistri semi-kondiktè a ki gen ladan pwogram Green CHIPS New York la k ap menen nan peyi a ki ap atire pi gwo biznis fabrikasyon semi-kondiktè yo nan eta a epi asire angajman pou travay ki byen peye, dirabilite, ak avantaj kominotè. Anplis de sa, Gouvènè Hochul te kreye pwogram 200 dola FAST NY la an 2022 pou sipòte preparasyon ak devlopman sit atravè eta a. Pwogram sa a te fèt pou relanse preparasyon New York epi ogmante atirans li pou gwo anplwayè yo, tankou konpayi semi-kondiktè yo ak teknoloji pwòp ak konpayi fabrikasyon gwo teknoloji yo. Depi kreyasyon pwogram nan, ESD te bay 175 milyon dola pou 20 sit atravè tout rejyon nò eta a, ki gen ladan Pak Fabrikasyon Avanse Syans ak Teknoloji (STAMP), pou devlope plis pase 1,011 ekta tè. Gouvènè Hochul te kreye tou Biwo pou Ekspansyon, Jesyon, ak Entegrasyon Semikondiktè Gouvènè (Governor's Office of Semiconductor Expansion, Management, and Integration, GO SEMI) a, ki dirije efò nan tout eta a pou devlope sektè fabrikasyon pis la.

Nan Bidjè Ane Fiskal 2025 ke yo adopte a, Gouvènè Hochul teranfò angajman li pou etabli New York kòm yon sant mondyal pou rechèch ak fabrikasyon semikondiktè, tankou:

- 100 milyon dola nan finansman pou faz adisyonèl yo nan pwogram FAST NY la.
- 500 milyon dola pou Albany Nanotech Complex NY CREATES la – ak investisman total Eta a ki se 1 milya dola – pou demare yon patenarya 10 milya

dola ki pral pote avni rechèch semi-kondiktè avanse nan rejyon kapital New York la lè li kreye premye ak inik Sant Litografi Iltavyolèt Ekstrèm ki Wo an NA (High NA EUV Lithography Center) ki piblik nan nasyon an.

- 200 milyon dola pou etabli Yon Sèl Rezo pou Patenarya Rejyonal sou Fabrikasyon Avanse (One Network for Regional Advanced Manufacturing Partnerships, ON-RAMP – yon rezo kat nouvo sant devlopman mendèv pou prepare Nouyòkè yo pu travay alavni yo ki te kreye pa konpayi tankou Micron ak Edwards Vacuum.

Lwa bipatit CHIPS ak Syans lan kreye yon Kredi Taks sou Envestisman pou enstalasyon fabrikasyon semikondiktè yo ak patnè chèn apwovizyonman tankou Edwards Vacuum ansanm ak 52 milya dola san parèy nan avantaj federal, ke Edwards ap pouswiv, pou ankouraje rechèch, devlopman, fabrikasyon semikondiktè Ameriken an, ak fòmasyon mendèv pou tounen pote travay ki byen peye sa yo soti aletranje, ranfòse sekirite nasyonal, epi retabli lidèchip teknolojik Etazini an. Pwojè Lwa egzijè benefisyè ankourajman sa yo fè envestisman enpòtan nan travayè yo ak nan kominote a ki sipòte kwasans ekonomik jeneralize.

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodi a vin konpleman "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou envesti nan endistri kle yo sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Mwen kontan wè kòmansman konstriksyon etablisman Edwards Vacuum lan nan Konte Genesee, ki pral kreye plizyè santèn djòb ki byen peye epi devlope ekonomi Lwès New York ak Finger Lakes yo. Konstriksyon etablisman Edwards Vacuum lan se jis kòmansman an plikse New York ap kontinye grandi kòm yon lidè mondyal nan fabrikasyon semikondiktè. Mwen fyè dèske m te goumen pou m adopte Lwa sou CHIPS Syans lan ki te ede poze baz pou konpayi tankou Edwards Vacuum pou elaji nan New York, epi mwen pa ka tann pou mwen wè kwasans etablisman sa a pral pote nan rejyon an pou ane k ap vini yo."

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Anons eksitan sa a se yon lòt prèv lidèchip rejyon nou an nan endistri semikondiktè mondyal la. Non sèlman konstriksyon Edwards Vacuum ap ranfòse chèn apwovizyon nou an epi kreye opòtinite travay ki byen peye, li pral fè ekonomi nou an grandi epi amelyore konpetitivite nou an sou sèn mondyal la. Mwen fyè dèske m te ede fasilite envèstisman sa yo lè m te adopte Lwa sou CHIPS ak Syans lan, epi mwen pa ka tann pou m kontinye travay nou pou simante pozisyon nou kòm yon sant inovasyon."

Senatè Eta George M. Borrello te deklare, "Inogirasyon Edward's Vacuum sa a ak envestisman an, djòb ak kwasans ekonomik ki pral swiv li pral inogire yon nouvo chapit pou Konte Genesee epi ranfòse estati kwasan li a kòm yon sant pou fabrikasyon teknoloji. Chemen ki mennen nan moman istorik sa te alimante pa gwo vizyon pou sit STAMP la ak plizyè ane planifikasyon, finansman ak travay di. Motè evolisyon sa te

toujou konviksyon ke rejyon sa a ak mendèw klas mondyal li a te gen engredyan pou fè siksè. Kolaborasyon patnè lokal, eta ak federal devwe yo te mennen nou nan reyalizasyon istorik sa a epi li reflekte angajman pataje nou pou rezirjans nò eta a. Lavni an san limit."

Manm Asanble, Steve Hawley, te deklare, "Mwen fyè pou m wè anons jodi a ke Edward's Vacuum ap kòmanse konstriksyon nan mega-sit STAMP la. 139èm Distri Asanble a te toujou yon sant inovasyon epi li se sèlman apwopriye pou li pral nan sant endistri semikondiktè k ap emèje nan New York la. Pwojè sa a se yon lòt etap nan bon direksyon an pou devlope ekonomi lokal la, kreye djòb ki byen peye epi fè New York vin yon lidè nan sektè sa a."

Prezidan Lejislati Konte Genesee Shelley Stein te deklare, "Anons jodi a se reyafimasyon atribi pozitif Konte Genesee nan pote yon konpayi ki nan kalib Edwards Vacuum nan mega-sit STAMP la. Kominote nou an kapab fyè dèske li fè pati endistri semikondiktè k ap grandi a non sèlman nan Eta New York men atravè nasyon an ak nan lemond. Lokal, moun, ak enfrastruktir Konte Genesee a fè STAMP yon kote ideyal pou kwasans endistri alavni isit la. Nou pa ka tann pou nou wè siksè kontinyèl Edwards Vacuum."

Sipèvizè Vil Alabama, Rob Crossen, te deklare, "Nou felisite Edwards Vacuum pou kòmansman konstriksyon nan mega-sit STAMP la. Dènye etap enpòtan sa a nan devlopman STAMP kontinye reyalizasyon vizyon nou pataje pou investisman ki amelyore ekonomi an, atire djòb ki byen peye, epi amelyore kominote nou an."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Sant Devlopman Ekonomik Konte Genesee (GCEDC), Steve Hyde, te deklare, "Pandan n ap travay pou devlope ekonomi nou an epi bay karyè ki soutni fanmi yo nan mega-sit STAMP la, li agreyab pou nou gen patnè tankou Edwards Vacuum, Senatè Schumer, ak Gouvènè Hochul. Kòmansman konstriksyon pou pwojè endistri semikondiktè enpòtan sa a demontre enpak STAMP bay nan vizyon eta ak federal nou pataje yo pou devlope semikondiktè ak sektè fabrikasyon avanse ki gen rapò ak yo."

Prezidan ak PDG Greater Rochester Enterprise la, Matt Hurlbutt, te deklare, "Talan premye plan, resous R&D klas mondyal, aksè ak enèji idwolik bon mache, ak enfrastruktir prensipal ki disponib nan mega sit STAMP la se kèk nan resous ki fè rejyon Greater Rochester, NY la bon kote pou ekspansyon Edwards. Nou selebre inogirasyon Edwards nan STAMP epi patenarya enpòtan Greater Rochester Enterprise (GRE) te fòme ak lidè Edwards ak patnè devlopman ekonomik rejyonal nou yo pou atenn etap enpòtan sa a nan plan ekspansyon konpayi an. GRE ap kontinye sipòte Edwards nan fasilite koneksyon ant lidè konpayi an ak moun ki gen enterè kle nan biznis, kominote, ak inivèsite. Efò kolaborasyon sa a vize pou asire yon lansman siksè ak amelyore plis lyen ant Edwards, kominote a, ak sektè fabrikasyon avanse ak sektè semikondiktè yo k ap pwospere nan rejyon an. Mwen pa ka tann enpak pozitif ekspansyon sa a pral genyen sou rejyon Greater Rochester, NY la."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)